



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman***

***Yo te rapòte 22 lanmò nan tout eta a nan 8 fevriye***

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi mete aksan sou mezi debaz yo ka pran pou pwoteje kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asire ou rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon pou sante pandan sezon ivè nan eta a an Desanm.

[Rapò siveyans grip chak semèn](#) Depatman Sante Eta New York la pou semèn k ap fini nan 28 janvyè, montre grip la rete gaye toupatou nan eta a pandan disetyèm semèn konsekitif, avèk yon total 308,279 ka pozitif nan 57 konte yo ke yo rapòte jiska prezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te bese 34 pousan pou 2,937 nan semèn nan, alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te desann 35 pousan nan semèn anvan an, avèk 304 moun ki entène lopital atravè eta a.

Anplis de sa, te gen 6 epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm, ke rapò a te detèmine. Semèn sa a yo pa te rapòte yon sèl lanmò pedyatrik ki asosye ak grip la, sa ki fè total la vin nèf nan tout eta a.

Avèk sezon grip la k ap kontinye aj enfeksyon ki rete toupatou, Gouvènè Hochul ankouraje tout Nouyòkè yo pran vaksen anyèl yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. An desanm lan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 14.90
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 12.25
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 55,748
- **Total Pozitif** - 2,911
- **Pousantaj Pozitif** - 5.00%\*\*
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.27%\*\*
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,236 (-90)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 311
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 264 (-17)
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon** - 102 (0)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 398,622 (+366)
- **Etablisman swen sante yo rapòte nouvo lanmò yo atravè HERDS** - 22
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 61,524

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tè s ki itilize tè s antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tè s antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tè s PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tè s yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

• **Total ka lanmò CDC a rapòte epi ki konpile se - 78,197**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

<b>Rejyon</b>	<b>Lendi 6 fevriye 2023</b>	<b>Madi 7 fevriye 2023</b>	<b>Mèkredi 8 fevriye 2023</b>
Capital Region	13.98	13.23	13.21
Central New York	15.18	14.88	16.01
Finger Lakes	12.37	12.31	12.40
Long Island	12.11	11.58	10.74
Mid-Hudson	14.46	13.81	13.08
Mohawk Valley	13.48	14.19	14.10
New York City	12.45	11.99	11.35
North Country	13.98	14.66	15.48
Southern Tier	11.89	11.46	12.03
Western New York	14.00	13.97	14.88
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>12.98</b>	<b>12.59</b>	<b>12.25</b>

Pousantaj rezilta tè s pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa\*\*:

<b>Rejyon</b>	<b>Lendi 6 fevriye 2023</b>	<b>Madi 7 fevriye 2023</b>	<b>Mèkredi 8 fevriye 2023</b>
Capital Region	8.45%	8.02%	7.66%
Central New York	8.13%	8.11%	8.17%
Finger Lakes	6.54%	6.50%	6.50%
Long Island	4.11%	4.02%	3.74%
Mid-Hudson	6.24%	5.95%	5.77%
Mohawk Valley	7.63%	7.86%	7.48%
New York City	4.30%	4.18%	4.17%
North Country	7.44%	7.66%	7.78%

Southern Tier	5.69%	5.51%	5.58%
Western New York	12.56%	12.48%	12.80%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>5.41%</b>	<b>5.29%</b>	<b>5.27%</b>

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa \*\*:

<b>Minisipalite nan NYC</b>	<b>Lendi 6 fevriye 2023</b>	<b>Madi 7 fevriye 2023</b>	<b>Mèkredi 8 fevriye 2023</b>
Bronx	4.98%	4.91%	4.69%
Kings	3.82%	3.69%	3.94%
New York	4.09%	4.09%	3.87%
Queens	4.69%	4.54%	4.33%
Richmond	4.64%	4.30%	4.50%

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 2,911 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,584,601. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	78,626	43
Allegany	10,756	7
Broome	58,562	36
Cattaraugus	19,225	10
Cayuga	20,404	14
Chautauqua	29,355	19
Chemung	26,544	15
Chenango	11,790	4
Clinton	22,498	25
Columbia	13,806	9
Cortland	13,301	14
Delaware	10,151	6
Dutchess	84,700	38
Erie	268,395	209
Essex	7,661	7

Franklin	12,048	11
Fulton	16,558	6
Genesee	16,538	5
Greene	10,979	3
Hamilton	1,098	2
Herkimer	17,459	9
Jefferson	27,104	25
Lewis	7,324	1
Livingston	14,339	4
Madison	16,774	14
Monroe	191,496	131
Montgomery	15,021	5
Nassau	547,579	165
Niagara	59,484	67
NYC	3,073,190	1,107
Oneida	68,982	52
Onondaga	142,323	126
Ontario	26,120	18
Orange	139,639	68
Orleans	10,545	5
Oswego	34,581	19
Otsego	13,298	3
Putnam	31,565	14
Rensselaer	41,662	30
Rockland	118,581	28
Saratoga	61,359	43
Schenectady	43,590	32
Schoharie	6,572	7
Schuyler	4,319	1
Seneca	7,646	4
St. Lawrence	26,179	19
Steuben	25,225	11
Suffolk	566,353	165
Sullivan	24,599	9
Tioga	13,997	8
Tompkins	26,454	22
Ulster	43,092	20
Warren	18,849	9
Washington	15,743	12
Wayne	21,829	17
Westchester	334,387	148
Wyoming	9,907	8

Yates	4,440	2
-------	-------	---

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	128	91	71.1%	37	28.9%
Central New York	94	55	58.5%	39	41.5%
Finger Lakes	224	61	27.2%	163	72.8%
Long Island	323	164	50.8%	159	49.2%
Mid-Hudson	254	95	37.4%	159	62.6%
Mohawk Valley	56	26	46.4%	30	53.6%
New York City	919	352	38.3%	567	61.7%
North Country	51	23	45.1%	28	54.9%
Southern Tier	50	16	32.0%	34	68.0%
Western New York	137	61	44.5%	76	55.5%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>2,236</b>	<b>944</b>	<b>42.2%</b>	<b>1,292</b>	<b>57.8%</b>

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](https://www.ny.gov/newsroom/done-varyant-covid-19).

Yè, te gen 22 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 61,524. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Albany	1
Bronx	1
Clinton	1
Erie	2
Jefferson	1
Kings	1
Monroe	2
Montgomery	1
Nassau	3
New York	1
Niagara	1
Oneida	1
Onondaga	1
Ontario	1
Queens	2
Suffolk	1
Westchester	1
Montan Total	22

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](https://www.18002320233.com) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###